

KONEKSYON

YON BILTEN ENFOMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- MWA KOLÈJ

- FAFSA

- SITWAYENTE DIJITAL

OKTÒB 2020

Biltèn 13 | NIMEWO 67 |



APPLY

Apply to Over 380 Specialized Magnet Programs
for All Ages from October 1st to January 15th

MAGNETSCHOOLS

GIVING OUR STUDENTS A WORLD OF CHOICES

The **MOST** Nationally Recognized Magnet Schools in the Nation

Pwogram nou yo ki ranpòte prim disponib pou elèv nan klas matènèl jiska 12èm ane eskolè. Aplike kounye a pou patisipe nan yon eritaj chwa ak inovasyon nan <https://yourchoicemiami.org>.

PWOMOTE RESPONSABLITE SOSYAL

#ValuesMatterMiami

RESPÈ



RESPONSABLITE



SITWAYÈNTE



JISTIS



POUSUIT
EKSELANS



JANTIYÈS



KOWOPERASYON



ENTEGRITE



ONÈTETE

'Values Matter Miami' se yon inisyativ edikasyonèl nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ki baze sou valè. Li pwomote e li rekonèt konpòtman egzanplè ki sou menm liy avèk nèf valè debaz Distri a: Onètete, Entegrite, Kowoperasyon, Jantiyès, Pousuit Ekselans, Jistis, Sitwayèn, Responsablite, ak Respè. Pandan mwa oktòb la, 'Values Matter Miami'

konsantre sou Responsablite. Ane sa a, an repons ak pandemi COVID-19 la, nou ap ranfòse enpòtans pou gen plis responsablite sosyal nan kenbe tèt nou ansanm ak lòt moun an sekirite. Ede nou pwomote valè sa a nan ranpli fòm depistaj la chak jou lakay ou. Ou ka jwenn li nan <http://reopening.dadeschools.net>, e suiv machasuiv sa yo:

- Kite pitit ou lakay si l malad.
- Pale ak pitit ou konsènan:
 - a. Itilize dezenfektan pou men ki gen ladan omwen 60% alkòl lè y ap antre nan bilding nan.
 - b. Lave men nou e/oubyen dezenfekte yo souvan.
 - c. Evite manyen figi ak je nou
 - d. Limite itilizasyon objè moun manyen souvan, tankou plim/

kreyon, ekipman edikasyon fizik, ekipman ki sou teren jwèt timoun yo, objè atistik, objè pou timoun jwe, ak jwèt.

e. Ogmante distans fizik nan mezi posib.

- Asire w pitit ou mete yon kouvèti pou vizaj li ki byen chita, ki kouvri nen l ansanm ak bouch li, lè li lekòl e lè li nan otobis lekòl.
- Asire w pitit ou pote pwòp boutèy dlo l ap ka itilize plizyè fwa. Fontèn dlo yo pap an sèvis e ap gen kote ki disponib pou replen boutèy dlo yo.
- Asire w pitit ou suiv tout direksyon pwofesè ak administratè lekòl li ba li pou sekirite kominote lekòl la. Li patikilyèman enpòtan pou elèv yo rete nan klas ak espas yo mete yo a.



Sèt mwa ki sot pase yo te difisil, dèske lavi a te chanje nan diferan fason. Sa yo rele “new normal” (nouvo nòmalite) a pa nòmal vre. Fè fas ak yon pandemi global ki ap kontinye, chomaj ki ap gaye, enstabilite sosyal, ak divizyon konsènan eleksyon ki ap vini an, tout sa fè li difisil pou n rive gen yon santiman sekirite fizik ak emosyonèl. Nòmalman, li difisil pou jere kalamite, menm nan meyè moman; e san dout, moman nou ap viv la a pa bon.

Sa pa gen lontan, anpil elèv “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Many Miami-Dade County) te retounen nan aprantisaj sou kanpous lekòl yo, pandan lòt elèv yo te kontinye edikasyon yo atravè “My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt). Elèv ki retounen sou kanpous yo antre nan yon anviwònman ki trè diferan pa rapò ak sa yo te kite nan mwa mas la. Distan fizik, mete mask, manje nan salklas ak lòt mezi sekirite lekòl yo adopte chanje anbyans sosyo-emosyonèl la e sa gen yon enpak sou elèv ak pwofesè nan divès fason. Prezans anksyete, laperèz, iritasyon, kòlè, depresyon, pwoblèm somèy, ak estrès ki pa sispann ogmante vin parèt nòmal nan moman ensètitud sa yo. Malgre estrès fè pati lavi nou natirèlman, lè li twòp, li ka andikape nou.

Tout moun konnen byennèt fizik ak emosyonèl yon timoun gen gwo enfliyans sou kapasite li pou l aprann.

Menmsi yon timoun retounen sou kanpous lekòl oubyen nan aprantisaj atravè MSO, enkyetid li sou posiblite pou l ta vin enfekte avèk COVID-19 ka ba li anpil anksyete ak tètchaje. Nan ka ekstrèm yo, paran ka oblije lite chak jou ak pitit yo pou yo pa kite lekòl. Manm jan tou, izolman sosyal ki gen rapò ak pandemi an ansanm ak lòt faktè lakoz depresyon pou kèk nan jèn nou yo. Malgre defi sa yo majorite timoun yo demontre rezistans e y ap reprann yo.

Anba a, nou gen gran liy kèk fason paran ak gadyen ka ede pitit yo adapte yo ak retou nan aprantisaj sou kanpous lekòl yo oubyen kontinye edikasyon yo atravè MSO.


- Ranfòse enpòtans konpòtman ki ap ba yo sekirite, tankou mete mask, lave men, ak pratike distans sosyal. Sa ka diminye anksyete ak laperèz e sa ka fè timoun nan konnen li gen kontwòl sityasyon an.
- Raple timoun yo nenpòt chanjman règ ak pwosedi ki genyen nan lekòl la
- Prepare timoun yo sou posiblite fèmti lekòl la nan lavni si ta genyen yon ogmantasyon nan kontaminasyon COVID-19 nan lekòl yo.
- Tcheke timoun yo chak jou pou mezire kèlkeswa enkyetid yo ka genyen. Reponn kesyon yo men pa fòse yo pale.
- Konprann santiman yo, fè yo konnen li nòmal pou yo santi yon ti anksyete ak laperèz. Si yo pè, ba yo asirans gen anpil adilt ki ap travay pou kenbe yo an sekirite e an bon sante.
- Ede timoun yo pou yo santi yo gen kontwòl sou lavi yo nan kite yo deside sa y ap manje, pwogram y ap gade, ak aktivite yo vle patisipe.
- Kenbe yon woutin ak yon sistèm otan li posib. Sa ap bay timoun nan

yon sans de sa yo ka atann ak sa yo ka prevwa, ki ka diminye anksyete.

- Ankouraje timoun yo pratike bonjan konpòtman ki ka ede yo fè fas ak sityasyon sa a tankou fè egzèsis, ekri yon ti jounal, pratike atansyon, teknik relaksasyon, fè desen, penti, koute mizik, e kominike avèk zanmi nan telefòn oubyen medya sosyal.
- Si li nesesè, suiv deprè oubyen limite aksè ak nouvèl medya ap bay sou pandemi an, vyolans ak lòt kontni ki ka deranje moun, espesyalman jèn timoun.

Gen kèk nan elèv yo ki andèy akòz lanmò yon manm fanmi yo akòz COVID-19 e ki retounen lekòl pandan y ap goumen avèk emosyon ki trè fò. Gen lòt pèt moun kapab pa remake, sa gen ladan absans entèraksyon fizik avèk kamarad. Woutin ak estrikti, atant ak prediktibilite, nòmalite, ak lè yo pèdi yon sans pwoteksyon ak sekirite. Timoun yo ap bezwen tan ak sipò pou pase moman tristès sa yo, e chemen pou travèse pèt sa yo pèsone pou chak moun.

Si ou gen enkyetik konsènan reyaksyon e/oubyen konpòtman emosyonèl pitit ou, nou ankouraje ou pou w kontakte konseye lekòl li oubyen Kowòdonatè Sante Mantal lekòl la pou asistans. Ou ka rele tou nan Liy Asistans Depatman Sèvis Sante a nan 305-995-7100 oubyen nan Liy Asistans pou Kriz nan Divizyon Sèvis Elèv nan 305-995-2273. M-DCPS devwe pou byennèt emosyonèl ak mantal elèv ak anplwaye nou yo. Pa ezite apiye sou nou si ou bezwen asistans. Ane 2020 an difisil, e nou la pou ou.



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) chwazi mwa oktòb kòm Mwa Kolèj. Se “College Assistance Program (CAP)” (Pwogram Asistans pou Kolej) ki kreye nouvo inisyativ sa a pou ofri sipò ak konsèy pou elèv ak fanmi yo, pandan y ap navige nan pwosesis aplikasyon ak èd finansyè pou kolèj. Yo devlope yon seri atelye sou entènèt ansanm ak fwa pandan yon mwa pou fanmi. Tout evènman sa yo anrejistre. Elèv yo ka mande konseye CAP yo kijan pou yo jwenn sesyon yo pou yo gade. Anba a n ap jwenn yon lis kèk konsèy pratik konsènan planifikasyon pou kolèj.

Redui lis kolèj ou

Fè pitit ou rankontre yon konseye konsènan chwa kolèj yo, planifye yon vizit nan kolèj yo chwazi a, e telechaje aplikasyon ak fòm pou èd finansyè yo.

Sonje dat limit yo

Kreye yon lis prensipal oubyen yon kalandriye ki gen ladan: egzamen admisyon nan kolèj, frè yo mande, dat, ak dat limit pou enskri; dat limit aplikasyon pou kolèj, fòm aplikasyon obligatwa pou èd finansyè ak dat limit yo; lòt materyèl w ap bezwen tankou lèt rekòmandasyon, relve nòt eks.

Mande yon dispans pou frè admisyon
Mande konseye elèv ou a pou ede w

mande yon dispans pou frè admisyon pou ede w avèk aplikasyon kolèj oubyen frè egzamen pou antre nan kolèj.

Pran Egzamen pou Antre nan Kolèj
Pitit ou a ta dwe pran SAT oubyen ACT a. Sonje pou w fè voye nòt yo nan kolèj y ap aplike ladan an.

Chèche Lèt Rekòmandasyon

Fè pitit ou mande yon pwofesè oubyen yon konseye lèt rekòmandasyon. Pitit ou a dwe bay pwofesè oubyen konseye a yon rezime dosye akademik li ansanm ak aktivite li fè andeyò salklas. Pou chak rekòmandasyon, bay yon anvlòp ak tout tenm, e ki tou gen adrès sou li.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN


Kominik avèk Pwofesè

<https://bit.ly/3jqpcxe>

APLIKE POU FAFSA JODI A!

Fòm FAFSA 2021-22: Sa Ou Dwe Konnen

Federal
Student
Aid



Fòm FAFSA® a disponib
1ye Oktòb 2020.



Ou dwe rapòte
enfòmasyon sou taks
2019 ou.



Ou pap bezwen mete fòm
FAFSA® a ajou apre w ranpli
taks 2020 an.

“Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)” (Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv) disponib pou elèv lekòl segondè ak fanmi yo yon fason pou yo ka jwenn èd nan men gouvènman federal la pou peye pou kolèj.

Peryòd aplikasyon FAFSA 2020-2021 an ouvri jedi 1ye oktòb, e li ap kontinye jiska 30 jen 2021. Pwosesis aplikasyon FAFSA a gratis e li ofri aplikan yo aksè ak sous pou èd finansyè. Nou ankouraje fanmi yo aplike bonè piske kèk kolèj bay èd yo

sou baz sa ki vini avan an resevwa sèvis avan. Lè fanmi yo ap ranpli pou FAFSA, yo dwe bay enfòmasyon sou taks pèsònèl yo.

Fanmi ka ranpli aplikasyon FAFSA a sou entènèt nan fafsa.gov.



Medya sosyal elaji anpil fason nou kominike. Sa pa t janm pi klè pase anviwon sis mwa kote Ameriken an karantèn akòz COVID-19.

Nan mond sa a ki ekstrèmman konekte, elèv nou yo pase plis tan yo ap fè devwa e kominike avèk zanmi e fanmi sou platfòm entènèt yo. Menm si yo lakay oubyen lekòl, li enpòtan pou nou mete aksan sou fason pou n ajè avèk entegrite, rete an sekirite, e fè diferans ant sa ki reyèl lè bagay yo pa agzakteman sa yo sanble yo ye a. Mwa oktòb sa a, “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap selebre Mwa Sitwayènte Dijital pou kontinye anseye elèv fason ki apwopriye pou itilize medya sosyal ak lòt platfòm entènèt

yo yon fason ki apwopriye pou yo ka pi byen benefisye edikasyonèlman e pwofesyonèlman.

Medya sosyal se youn nan fason ki pi fasil, e pi rapid pou majorite moun pataje enfòmasyon. Platfòm tankou Twitter, Instagram, Facebook ak YouTube, pèmèt moun ki ap itilize yo angaje yo nan konvèsasyon sou entènèt e an menm tan pataje enfòmasyon tankou foto ak videyo, avèk moun atravè mond la. Kòm sitwayen dijital, nou mande elèv nou yo pou yo pran konsyans de imaj yo – sa vle di, pou yo konnen tout foto ak videyo yo poste e yo ‘tag’ nan yon konvèsasyon sou entènèt kite yon tras ki pap janm efase, donk li enpòtan pou n raple elèv yo moun ki ap fè rekritman pou kolèj yo, moun ki kapab vin anplwaye yo, ak paran kapab tcheke prezans yo sou medya sosyal. Kèlkeswa sa yo poste sou entènèt la yo pap ka retire li, menm si yo efase li.

Kòm paran jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon pitit yo, yo dwe gen zouti ak resous ki apwopriye pou yo navige efikasan sou medya sosyal e pou yo kontinye suiv evolisyon li. Nou ankouraje paran yo tou pou yo pale avèk pitit yo konsènan sitwayènte dijital. [Akademi Paran](#) an gen divès atelye ki konsantre sou medya sosyal

e kijan mond dijital la vin entegre nan anviwonman aprantisaj la.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

23 Oktòb

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

3 Novanm

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

11 Novanm

Jou Veteran yo

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

17 novanm

10:00 dimaten
Reyinyon
Òganizasyonèl

18 novanm

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Martin Karp
Doktè Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo
Maria Martinez
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon
Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon